



Sibvansyon pou Estabilizasyon Gadri Timoun yo la! Sèvi ak lajan sibvansyon sa a pou fè amelyorasyon nan pwogram ou an oswa ede li refè anba ijans sante piblik COVID-19 la.

Sibvansyon sa yo se yon investisman istorik nan domèn gadri timoun. Pwofite opòtinite inik sa a epi aplike!

## Opsyon: Devlopman Pwofesyonèl ki Gen Rapò ak Pratik Sante ak Sekirite

Sèvi ak lajan sibvansyon nan opsyon sa a pou peye pou bagay tankou:

- Fòmasyon devlopman pwofesyonèl ki sipòte respè direktiv leta ak lokal sou sante ak sekirite, ki gen ladan sa yo ki gen rapò ak:
  - ✓ Fòmasyon sou sante ak sekirite
  - ✓ Fòmasyon sou Jesyon Medikaman (Medication Administration Training, MAT)
  - ✓ Prevansyon ak repons akòz manje ak reyaksyon alèjik
  - ✓ CPR ak premye swen
  - ✓ Konsiltan swen sante
  - ✓ Espesyalis nan Konpòtman
  - ✓ Espesyalis timoun piti
  - ✓ Lòt anplwaye pou bay sipò pou timoun ak salklas daprè bezwen timoun yo

## Pa bliye dokimante!

- Ou pa bezwen voye resi oswa fakti, men ou **DWE** dokimante kijan ou depanse lajan sibvansyon ou an.
- Ou dwe kenbe resi ou yo ak dokiman dosye a, nan yon katab oswa yon fason elektwonik, pou omwen senk (5) lane.

## Ki kote mwen dwe ale pou aplikasyon an, pou plis enfòmasyon, ak mizajou?

- Sit Entènèt Sant Èd Estabilizasyon an (aplikasyon/vidayo sou entènèt ki dekri tout 8 opsyon yo): [ocfs.ny.gov/childcare-stabilization/](https://ocfs.ny.gov/childcare-stabilization/)
- Ajans lokal Resous ak Referans sou zafè Gadri Timoun ou an: [ocfs.ny.gov/programs/childcare/referral-agencies.php](https://ocfs.ny.gov/programs/childcare/referral-agencies.php)
- Sosyete Lojman ak Devlopman Ekonomik pou Fanm: [whedco.org](https://whedco.org)
- Ajans enskripsyon w lan (Enrollment Agency, EA)
- Reprizantan sendika w la